# ФИЛОСОФИЯЛЫҚ МАЗМУНДАҒЫ ҚОСЫҚЛАРДА КӨРКЕМ СӨЗ ҲӘМ ОНЫҢ ХЫЗМЕТИ
## (Ә.Әжиниязов ҳәм Т.Сәрсенбаев дөретиўшилиги мысалында)

**Отарова Т.Ж.**
*Муҳаммед ал–Хорезмий атындағы Ташкент информациялық технологиялары унивеситети Нөкис филиалы ассистент оқытыўшысы*

Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясы шайырлар дөретиўшилигинде дүнья, өмир қубылыслары, инсан тәғдири т.б. ҳәдийселер ҳаққындағы философиялық ой-пикирлерди жырлаўшы шығармалар елеўли орынды ийелейди. «Поэзиялық шығармаларда поэтикалық пикир барқулла эмоционал бояўларда, туйғылар болса пикир нуры менен ашылған болады. Сезим-туйғы ҳәм ой-пикирлердиң бул түрдеги уйғынлығы лириканың баслы нызамларынан бири. Ол лирикалық поэзияның негизги тәбиятынан келип шығады ҳәм оның мазмунын қурайды» [2; 48]. Қарақалпақ поэзиясында пикир ҳәм сезимлердиң өз ара байланыслылығы, қосықтағы эмоционаллық ҳәм логикалық тәсиршеңликтиң бирлесиўи Ә.Әжиниязов ҳәм Т.Сәрсенбаевлардың шығармаларындағы эстетикалық көзқарасларында өз көринисин тапқан. Шайырлардың философиялық лирикасында образлы ойлаў арқалы өмирдиң ҳәр қыйлы тәреплери, инсанның руўхый-психологиялық, интеллектуаль дүньясының жаңа қырлары сәўлеленеди. Поэтикалық пикир қосықтың көркем образлы дөретилиўин тәмийинлейди ҳәм оқыўшыға тәсир етиў күши артады.

Ә.Әжиниязовтың «Даралық улыўмалықтан басланады» атлы қосығында дүньядағы барлық нәрсениң жуптан жаралғанлығы, жекеден улыўмалыққа, аздан көкке, тақтан жупқа айланыўы, ҳәттеки, бағыты бир ағыслы дәрьялардың да еки жағасы бар екенлиги, еки жартының бир пүтинликти дөрететуғынлығы философиялық мазмунда бериледи. Мысалы:

Шарқы пәлек - аспан, жердиң арасы,
Аспан асты – жер – өмирдиң анасы,
Талғампаз, Тәбият деген ғаррының –
Келини – Ай, Қуяш – күйеў баласы [1; 123].

Философиялық лирикада турмыс машқалалары кең көлемде ҳәм тереӊ сәўлелениў арқалы оқыўшыда еркин пикир пайда етеди. Сонлықтан да, философиялық мазмундағы қосық оқыўшыда ҳәр қыйлы түсиник қалдырады ҳәм

ҳәр түрли ой-пикирлерди оятады. Бул қосықта, жалғыз ҳәм жеккеликтен гөре жуп нәрселердиң абзаллығы былайынша сүўретленеди:

Жалғыз шақа салмақ басса ийилер,
Жуп шақа ийилер оннан азырақ,
Жалғыз өзи той тарқатқан бүлинер,
Көпшилик ап-аңсат атқарар бирақ [1; 124].

Адамның өз пейли себепли жеккесирейтуғынлығы, жалғыздың жалғызлықта жүдейтуғынлығы қатарларда көркем сәўлениўин тапқан.

«Бөлингенди бөри жейди» дегендей, қосықта бөлшеклениўдиң жәмийетке жат екенлиги, ҳәттеки, муҳаббаттың да еки жүрек арқалы нәр алатуғынлығы, улыўма дүньяның өзи гилең жуп нәрседен қуралғанлығы философиялық ой-пикирлер менен бериледи. Мысалы:

Муҳаббат мәңги жас туралар екен,
Оннан еки жүрек нәр алар екен…[1; 123].

«Жарасар» қосығында өмир мәңги болса да, жасаў мәңги емеслиги, ўақыттың жүйриклиги, адам ушын туўған жердиң, аўыл-аймақтың ата мәканның, ана ўатанның зәрүрлиги, жек-жат, тамыр-таныс көп, ҳәттеки мың болса да туўған-туўысқанның кереклиги терең уқтырылып, философиялық ой жуўмақлар бериледи.

Т.Сәрсенбаевтың «Ойлар» дүркининдеги төртликлеринде сақыйлық ҳәм сықмарлық ҳаққында, мәртлик ҳәм қорқақлық, ҳүжданлық ҳәм еки жүзлилик, уят ҳәм арсызлық, мақтаныш ҳәм көре алмаўшылық, ҳайран қалыў ҳәм бийпәрўалық, қуўаныш ҳәм қайғының тең жүретуғынлығын  көркем сөз арқалы сәўлелендирген. Мысалы:

Инсаплы азғада қәнәәт етти,
Көмсе көп нәрсесин азсынып кетти,
Буннан былай дүнья бөлистиргенде,
Билмедим, жылаўын беремиз кимге?!... [3; 11].

· Бул келтирилген төртликте инсап, қәнәәт, көпти азсынған инсапсыз, қәнәәтсиз кимселер салыстырылса, төмендеги төртликте өтирикши, еки жүзли, жалатай менен ҳақ нийетли, ҳүжданлы адамның инсап ушын жуўырып –жортыўы сүўретленген:

Тоба! Бир жалатай алдады ҳақты,
– Өгиз туўып атыр, – деди, ол шапты.
Бийшара усы ўақ жуўырып-жортып,

Баратырғандай еди, излеп инсапты [3; 11].

Шайырдың айырым төртликлеринде үлкен идеялық мазмун сәўлеленип, жәмийеттеги әдалатсызлықлар,  әззини күшлиниң женшиўи, аяқ асты еткенлиги сынға алынған:

Бир топар көлеңке күшлини тапты,
Қуўып оның кеўлиндеги инсапты,
Сол көшеден өткен ғарип-қәсерди,
Сол жыллары пышық тырнап, ийт қапты [4; 48].

Улыўма айтқанда Т.Сәрсенбаев хәм Ә.Әжиниязовлардың поэзиясында философиялық мазмундағы қосықларында дүнья, өмир қубылыслары, ийман, инсап, қәнәәт, нәпси, инсан қәдири хәм т.б. машқалалар терең сәўлеленген.

**Әдебиятлар:**


1. Әжиниязов Ә. Аманат. – Нөкис: Билим, 2009.
2. Рахимжанов Н. Асхад Мухтор поэтикаси. – Т.: Ғафур Ғулом номидаги нашриёт-матбаа ижодий уйи, 2003.
3. Сәрсенбаев Т. Қайнаўыт. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1983.
4. Сәрсенбаев Т. Шабыўыл. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1989.